



Underground Cable
Modernization Program

EVERSOURCE

nationalgrid

Pwojè Modènizasyon Kab ki Anba Tè Ant Mystic ak Everett

Apèsi sou Pwojè a

Pou n kapab reponn ak demann lan, founi enèji ki fyab, ak pou n bay kliyan nou yo yon sèvis eksepsyonèl, nou pwopoze ranplase kat fil transmisyon elektrik 115-kilovòlt (kV) nou deja genyen ki pase anba tè yo ki ranpli ak likid wot tansyon yo (HPFF), kote yo chak mezire anviwon 0.5 mil longè, avèk yon seri kab di-elektrik solid an poli-tilèn ki mezire 115-kV (XLPE), sa ki reprezante dènye teknoloji nan sa ki gen pou wè ak kab anba tè a. Lè n ranplase fil HPFF aktyèl yo avèk teknoloji XLPE a, sa pral rann sistèm nan pi fyab, modènize enfrastrikti kab la pou reponn ak pwochen demann enèji an, epi sa pral satisfè objektif Eta Lib Asosye (Commonwealth) yo ki se rive atenn nòm zewo emisyon kabòn lan disi 2050. Pwojè Modènizasyon Kab ant Mystic ak Everett yo pwopoze a fè pati yon pi gwo pwogram Eversource ap mennen nan tout teritwa sèvis nou an nan Massachusetts ki gen pou wè ak modènizasyon kab anba tè. Men detay prensipal pwojè a:

- ✓ Ranplasman kab XLPE ki anba tè yo pral swiv menm tras oswa yon tras similè ak fil HPFF ki deja egziste yo, sitou anba wout yo, tankou Alford Street, Broadway Street ansanm ak Horizon Way.
- ✓ Pwojè sa se yon inisyativ entè-koneksyon ki kowòdone ant National Grid ak Eversource
- ✓ Nan kad konstriksyon an, y ap gen pou detere tranche sistèm kab la ansanm ak enstalasyon vout/kab la.
- ✓ Y ap gen pou modènize ekipman yo nan Sou-estasyon Mystic la nan Alford Street pou fasilité koneksyon kab XLPE yo; tout travay la pral fèt pa dèyè kloti sou-estasyon an.
- ✓ Nou pral kowòdone avèk ajans lokal/eta yo, publik la, ansanm ak moun ki gen enterè nan kominote a konsènan Pwojè a, sitou nan sa ki gen pou wè ak orè aktivite konstriksyon yo pou diminye sou enpak yo.

Estimasyon Orè

*Dat yo ka chanje

- **Lè yo Pwopoze pou Aktivite Konstriksyon yo Kòmanse:** Prentan 2025
- **Dat Mizansèvis yo Estime:** Prentan 2027

Sansibilizasyon Kominotè

Nou pran angajman pou n mobilize reprezantan yo nan vil la, abitan yo, biznis yo, ansanm ak gwoup kominotè yo ak lòt moun ki gen enterè yo otou aktivite Pwojè yo atravè yon angajman ki enpòtan. Ekip nou an ap fè tout efò l kapab pou l pran kòmantè lokal yo an kont lè y ap elabore Pwojè a nenpòt lè sa posib. Manm yo nan ekip pwojè a pral rete angaje avèk kominote a pandan tout faz Pwojè a. W ap jwenn enfòmasyon sou Pwojè a nan lang Panyòl, Pòtigè, ak nan lòt lang si w mande sa. Sitwèb Pwojè a: <https://bit.ly/MysticEverettUCMP>

Enfòmasyon pou Biblik la

- Liy Asistans Telefonik Transmisyon Eversource la: 1-833-836-0302
- Imèl: ProjectInfoMA@Eversource.com
- Enskri pou mizajou pa imèl: <https://bit.ly/3SAsqRI>

Kontak Sèvis Pwojè a

Ian Kea

317-987-5297

ian.kea@eversource.com

Si necesita que le traduzcan esta notificación,
envíenos un correo electrónico a
ProjectinfoMA@eversource.com y escriba
“M-E” en el asunto.

Se você precisar de uma tradução desta
notificação, envie um e-mail para
ProjectinfoMA@eversource.com e digite, “M-
E” na linha do assunto.

Kat Jewografik pou Wout Kab XLPE yo Pwopoze a: Pwojè ant Mystic ak Everett

